RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
½ „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

DONGÈNG SAKING BETAWI.

Ing semoe pers kita sapoenika radi nggrengseng, kilap pers - pers Katoelik sanèsipoen ingkang kawedalaken ing sadjawining tanah Djawi, kadosta: Geredja Katholiek, Bintang Timoer (Endeh) lan mbokmanawi taksih wonten malih sanèsipoen. Pers kita ing riki ingkang kadjeng koela pers kita pijambak, ingkang mawi basa boemi. Nanging sanadjan mekaten, koela inggih boten kesoepèn bilih ing Betawi (Weltevreden) ngriki badé wonten serat minggon tjara Wlandi ingkang mligi ngrembag babagan agami, ngémba het Schild oetawi kados déné Tamtama nanging langkoeng ageng.

Ing rèhné pers priboemi Katoelik ing riki ageng - agengipoen saweg poen Swara - Tama medal m i n g g o n, mila tjobi pers kita waoe badé koela samèkaken pers priboemi sanèsipoen ing riki ingkang oegi m i n g g o n, awit jèn katanding kalijan ingkang padintenan temtoe kontit.

Ingkang koela sawang roemijin Revue Politiek, damelanipoen Tabrani, poenapa saénipoen ingkang kinten-kinten saé tinoelad, oetawi ingkang kita wadjib boten ketlompèn, lan ingkang perloe bab woedjoedipoen, sanès bab tradjangipoen.

Saweg ningali samakipoen kémawon koela kémoetan babad-babadipoen Swara-Tama. Roemijin wonten ingkang alok, soepados Swara-Tama kadadosaken boekoe, soepados kénging kasimpen. Administratie kala samanten boten moepakat, awit ragadipoen langkoeng katah, margi temtoe wonten raèn ingkang mèh kotong, boten dipoentjap. Ladjeng sigeg.

Koela, ingkang njerat poenika, kèmoetan, saking koemedah - kedahipoen njimpen wewedaran Katoelik, roemiijin wonten sedèrèk ingkang nglempakaken Swara-Tama, ladjeng kadjilid! Lo, semanten! Lan koela pijambak ngakeni, oepami Swara - Tama dipoenlempit dados boekoe, gèk samakipoen radi andemenakaken, kados brochure P. P. K. D. oepaminipoen, oetawi kados Revue Politik, langkoeng ageng, temtoe doemoegi sapoenika koela apes njimpen serie 8 taoenan sareng wontenipoen sapoenika boten langkoeng saking 18 lembar! Ing mangka kala djaman Djawi Sraja, koela saged njimpen kompleet, 4 taoen! (1914, 1915, 1916, 1917).

Mila o e p a m i, Swara - Tama gadah tapih langkoeng kedoet, kados mèh saben boekenkas Katoelik saged isi apes 1 djilid (1 taoen), gèk oepami administratie inggih sedija samakipoen pisan, kanggé setaoen! kados de Engelbewaarder, oepaminipoen! Temtoe kémawon samak waoe inggih karegénan. *)

Ladjeng ningali kesagahanipoen Redactienipoen, karang - karangan mlebetipoen boten kapestèkaken basanipoen, kénging milih salah satoenggal saking n e m basa: Mlajoe, Welandi, Esperanto, Fransch, Duitsch, Engelsch. Lo, rak majar. Koela boten ngalem Revue Politik, namoeng koela nedahaken: kadospoendi ombjakipoen ndjawi, awit temboeng o e n g a k - o e n g a k poenika kerep dados pitoetoering para sepoeh. Dados oepami bakoelan makaten, lo, rèhning koela poenika laré èstri, kedah soemerep dasaranipoen concurent kita. Kados koela gambar makaten kémawon sampoen tjeta. Kanggé para wasis malah gambar koela waoe sampoen keméloken toer imbet sanget. **)

Kaping tiganipoen, koela soemerep ing Revue Politik, karanganipoen awis - awis ingkang mawi tèken. Roemaos koela poenika langkoeng matis, langkoeng damis, saged njingkiri nama-nama ingkang kirang besoetanipoen, kadosta: Hijoto? Pak pinggir kepentjil, Gong Bèri. Lo, ing semoe kok radi para.

Gadjeg, roemijin Rama Satiman, kala taksih Narajana sampoen naté adjak-adjak nganggé nama loegoe oetawi tjekakanipoen, lan kados, senadjan boten wonten ingkang sagah matem saèstoe, oeloek-oeloek waoe inggih boten tanpa tandja, sawatawis katah ingkang poeroen nanggapi. Botenipoen jèn ngagem asma samaran, mbok ingkang radi nggekeng sakedik, botenipoen inggih sampoen . . . . . . Sampoen samanten kémawon.

Lan sapoenika koela boten ketjonggah ngladjengaken malih, margi laré èstri toer ngoendoeri répot. Mila mbokmanawi sedèrèk koela djaler ingkang badé ngladjengaken, ingkang namanipoen para maos badé pirsa pijambak.

S. lid R. K. D. B.

*) Jèn Sw. - Tm. namoeng badé tetep dados serat minggon, tapih langkoeng saé waoe mila inggih prajogi. Nanging antjasipoen para sadèrèk kados: Sw.-Tm. sageda medali kerep ing saminggoenipoen, sokoer pendak dinten. Tapih langkoeng saé waoe rak badé ngribedi, kirang pantes! — Lan béndjing poenapa Sw. - Tm. medali kerep? Poenika goemantoeng ing para sadèrèk pijambak. Oegeripoen para sad. pembantoe sami saroedjoek n g o e d i n j a è k a k e n p o e n i s i; lan para abonné t j a n t j o e t a n g g è n i p o e n m b a j a r a r t a lengganan, lan sadaja sami ngoedi wewahipoen tjatjahing abonné, badé énggal kelampahan. Tjobi nitik sapoenikanipoen kémawon: asring-asring Sw.-Tm. mawi lembaran 2! — R e d.

**) Redactie Sw.-Tm. sagah oegi nampi karangan - karangan mawi basa mantja ingkang kasrambah, nanging mestinipoen badé kapatjak mawi basa Djawi. — R e d.

PRADJA RAHAJOE.

Toeroenan rèng - rèngan pranatan

BALÉ AGOENG.

III (Sambetipoen Sw. Tm. no 48).

Bab warganipoen Balé Agoeng.

Menggah ingkang katetepaken dados warganipoen Balé Agoeng waoe poenika warni kalih liripoen mawi warga miroenggan ingkang katetepaken déning Kangdjeng Toewan Goepernoer ingkang ambawahaken, kapilihaken saking abdinipoen Kangdjeng Goepermèn, warga miroenggan waoe toemrap ing bawah kasoenanan sarta bawah kasoeltanan sami tiga, déné toemrap ing bawah Mangkoenagaran sarta Pakoealaman sami kalih, wah malih warga miroenggan waoe namoeng doemoenoeng oeroen rembag, bab, I adeg-adeg II; manawi para kawoelanipoen Kangdjeng Goepermèn, taksih kapetal saking pangoewaosipoen para nata, poenika toemindakipoen inggih kedah ingkang sampoerna, sarta samoekawis ingkang karembag ing Balé Agoeng larasipoen inggih kedah kapoetoes déning warganipoen ingkang kaleres kalebet éwonipoen kawoela Zelfbestuur sarta amoeng warga poenika ingkang kadjibah nanggel bab ingkang dados pamrajoginipoen.

Warga miroenggan perloe kapilihaken saking amtenar bangsa Walandi ingkang limpat sarta paham dateng samoekawis prakawis ingkang katindakaken Zelfbestuur, sarta sami wadjib anglagani presidèn toewin warganipoen Balé Agoeng moerih gampil toemindaking koewadjibanipoen, déné abdinipoen Kangdjeng Goepermèn ingkang sanès bangsa Walandi oegi kénging kapatah dados warga miroenggan.

Para partikoelir ing bawah Vorstenlanden, kirang prajogi saoepami kapilih dados warga miroenggan, amargi wontenipoen warga miroenggan waoe pantjèn boten amaringi wewenang toemrap angrembag samoekawis prakawis babagan nagari, ananging namoeng doemoenoeng paran para ingkang kénging dipoenpitakèni para warga limrah moerih sagedipoen sampoerna anggènipoen matoer samoekawis rembag ingkang woesananipoen saged andjalari sakétjaning toemindakipoen éwah-éwahan bab tatanan ing bawah Vorstenlanden.

Awit saking poenika kéngingipoen kapilih dados warga miroenggan waoe prasasat kabekta saking pangkat, ananging dèrèng kénging tinamtoe pangkat poenapa, déné kawoelanipoen Kangdjeng Goepermèn, kéngingipoen kaparingan wewenang toemoet ngrembag prakawis babagan nagari, poenika namoeng ngemoengaken menawi para kawoelanipoen Kangdjeng Goepermèn oegi kawengkoe ing pangoewaosipoen para Zelfbestuur. Sarta manawi saèstoe makaten, para toewan kaboedidajan toewin para dagang bangsa tjina pantesipoen oegi ladjeng oegi dipoenadjengi dados warganipoen Balé Agoeng.

Para warga limrah sakintenipoen perloe kapilihaken roemijin saking para prijaji toewin para poetra santana. Ananging mitoeroet ingkang kaseboet bab IV: sanèsipoen prijaji oetawi poetra santana oegi kénging kadadosaken warga limrah.

Mitoeroet pepatjakipoen bab: II ingkang kénging katetepaken dados warganipoen Balé Agoeng, poenika tijang djaler kawoelanipoen pradja Nederland, (sarta netepi pepatjak-pepatjakipoen bab) ingkang manggèn ing bawah India - Nederland, sarta netepi pepatjak-pepatjakipoen bab oemoeripoen, bab doenoenging pamanggènipoen toewin bab kalakoeanipoen.

Dadosipoen warga boten saking pilihanipoen tijang ngakatah.

Warganipoen Balé Agoeng badé katetepaken saking Zelfbestuur amargi sakintenipoen dèrèng saged toemindak kalajan sakétja, saoepami dadosipoen warga waoe waton saking pilihanipoen tijang ngakatah, warga limrah badé katetepaken déning Zelfbestuurder sarembag akalijan Kangdjeng Toewan Goepernoer, wah malih mitoeroet soeraosipoen bab: IV: adeg - adeg: II: toemrapipoen ing karaton Soerakarta toewin Ngajogjakarta warga limrah apesipoen kalih kapilihaken tetijang ingkang boten soewita ing kraton sarta sanès santana, déné toemrapipoen pradja Mangkoenagaran sarta pradja Pakoealaman, warga limrah ingkang kapilihaken saking tetijang ingkang boten soewita pradja sarta sanès santana sami njatoenggal, poenika pikadjengipoen ngantjas dateng democratie, moerih sagedipoen njoemerepi osiking manahipoen tetijang siti.

Koewadjiban toewin wewenangipoen Balé Agoeng.

Sarèhning pranatanipoen Balé Agoeng namoeng kadapoek sabetahipoen kémawon, pramila Balé Agoeng oegi namoeng kaparingan wewenang satjekapipoen, sarta dèrèng kawenangaken ndawoehaken pranatan toewin dèrèng kaparingan wewenang initiatief oetawi interpellatie, wosipoen Balé Agoeng kedah mapan roemijin oetawi para Zelfbestuur kedah ngoelinakaken dateng toemindakipoen Balé Agoeng.

Wewenang initiatief sarta interpellatie pantjèn wewenangipoen parlement dados badé kirang moenggoeh saoepami Balé Agoeng ingkang doenoengipoen namoeng minangka babadan ingkang oeroen rembag kaparingan wewenang initiatief sarta interpellatie.

Sanadyan Balé Agoeng boten kaparingan wewenang initiatief sarta interpellatie ing sadelesipoen, éwasamanten Balé Agoeng kénging ngatoeri pamrajogi soepados Zelfbestuur kaparenga anggalih bebaloengan samoekawis tatanan ingkang kaladosaken déning Balé Agoeng, sarta sarampoenging panggarapipoen dipoenrembagaken ing Balé Agoeng, kadjawi poenika Balé Agoeng oegi kaparengaken njoewoen djawaban doemateng Zelfbestuur, ananging Zelfbestuur boten katamtokaken kedah mitoeroeti sapamrajoginipoen Balé Agoeng oetawi andjawab sarta angrembag bab ingkang dados pitakénanipoen Balé Agoeng, dados anggènipoen Balé Agoeng kaparengaken ngatoeri pamrajogi sarta njoewoen djawaban, poenika dèrèng sawewenang initiatief oetawi interpellatie.

Angemoengaken toemrap prakawis kaseboet: bat 6 adeg² [illegible] aksara: [illegible] sarta [illegible] Zelfbestuur kedah moendoet rembagipoen Balé Agoeng, sarta mitoeroet soeraosipoen aksara [illegible] Zelfbestuur manawi anggalih perloe kénging moendoet pamrajogipoen Balé Agoeng bab samoekawis prakawis.

Bab agenging paédahipoen manawi parepatanipoen Balé Agoeng kénging dipoensoemerepi sadéngaha tijang.

Parepatanipoen Balé Agoeng katamtokaken kénging dipoensoemoeroepi sadéngaha tijang. Poenika saèstoe sanget amaédahi amargi pamanggihipoen publiek pantjèn dedasaring kemadjenganipoen nagari.

Temboeng ingkang kanggé salebetipoen parepatan.

Salebetipoen parepatan, para warga kénging nganggé temboeng Djawi, Walandi oetawi Melajoe sakadjengipoen pijambak-pijambak, sarta mitoeroet ingkang kawrat bab: 13: Balé Agoeng kaparingan kanti djoeroe basa.

Presidènipoen Balé Agoeng.

Anggènipoen milih ingkang kakarsakaken dados presidèn, kedah ingkang patitis. Saja malih salebetipoen watawis mangsa kawitanipoen amargi Balé Agoeng sagedipoen mapan sarta toemindak saé pantjèn goemantoeng saking kaprigelan toewin panoentoenipoen Presidèn. Mitoeroet ingkang kaseboet bab: [illegible] : ingkang kénging katetepaken dados presidèn oetawi wewakilipoen, poenika angemoengaken warga limrah ingkang mangertos sanget dateng temboeng Djawi, Walandi sarta Melajoe.

(Badé kasambet).

TJARANIPOEN TIJANG BOEBAK WANA ING KRADÉNAN.

Saking karsaning Paréntah, wana ing Kradénan kénging kabikak, sok tijanga kénging mbikak, mboebak kadamel tegil lan pasabinan. Akalipoen mekaten: Tijang-tijang ingkang badé babad wana, roemijin dateng petinggèn, perloe dipoentjateti namanipoen asal lan badé kadamel poenapa. Nalika koela toemoet nenggani boten kirang tijang 400san. Mèh ¾nipoen asal saking Ngajodja. Tijang 1 kénging njoewoen 1 bagéan (1¼ baoe). Let sawatawis dinten dipoendawoehi sowan malih dateng kaonderan oetawi dateng petinggèn malih perloe tjap djemol. Ladjeng dipoenrekèsaken katoer ingkang Boepati ingkang mbawahaken. Let sawatawis minggoe wonten dawoeh kepareng. Ladjeng dipoen-garap.

Déné ingkang minangka kanggé atoer-atoer dateng Mas Tjarik, f 1,50 (kalih tengah roepijah) kanggé tijang satoenggal. La, rak loemajan.

Ing sapoenika wana teksih katah. Sinten badé babad dateng Banjoewangi. Menggah arta f1,50 × 400san waoe (f 600san) dados tedanipoen poenggawa doesoen. Wadoeh, akoe ja gelem olèh bagéan. Déné kanggè épahipoen dateng mantri tjengkal á bagéan f0,625. Kados-poendi akalipoen poen toekang moerba.

Opami mas A poenika moerba, ning soegih, ladjeng pados tijang dipoenépahi f 0,50, f1,— kapoerih dados tijang njoewoen: Jèn poen A poeroen mboetjal f100,— kémawon saged angsal siti 40 bagéan alias 50 baoe: Jèn kapitalipoen mas A katah, saged toembas lemboe jasa grija telas f 500 — f 750, wonten ingkang langkoeng; sareng pijambak preloe kedah njadé grijanipoen djeboel kantoen tampi f 10, f 20, malah wonten ingkang kedah nambeli. Ingkang makaten poenika kerep ladjeng katilar mladjeng.

Goemoen koela malih, sareng toewan-toewan partikelir waoe badénger-sakaken ngagem sitinipoen, tanpa tantoenan, taneman dipoenbabadi, oepami pisang saweg wiwit sepoeh, teksih nembé toekoel, mèh kénging kaoendoeh, lo kok ladjeng . . . . . bed, bed, bed, ..., tik boten tantoenan roemijin.

Wah memelas. Sareng grija ingkang kedah pindah . . . . . . lèt, lèt, lèt, ... poendi ingkang dipoenlèlèti tjèt, kedah pindah, tik boten dipoenparingi keroegian . . . wadoeh . . . . . Ka ngéné rasané wong mondok. Toewan-toewan, pandjenengan rak inggih pirsa, siti pandjenengan ingkang waoenipoen woedjoed alang-alang, ngantos saged resik, poenika panggarapipoen rak mawi wragad, baoe soekoe. É, mbok inggih kagoengan welas dateng tijang-tijang ingkang sami mondok ing siti pandjenengan, sokoer kersa matingi soembangan kanggé mindah goeboeg.

É, mbok inggih ingkang wadjib kersa ngajomana gesangipoen sadèrèk-sadèrèk ingkang sami nandang sisah, déning kepeksa pindah saking pamondokanipoen waoe, sarana maringi rerigen.

HOEROEBISMA.

SESOELOEH.

Oréhanipoen dimas P. Ragil wonten ing Sw. T. no 48 ingkang medal kala 28 November 1930 poenika kénging koela tjekak dados kalih 1e. Djalaranipoen sadèrèk wanita, boten remen dipoentjatjar 2e. Pitakèn poenapa boten prajogi jèn dipoenwontenana mantri èstri.

Prakawis no. 1e. mila inggih kasinggihan pangandikanipoen dimas Ragil. Éwadéné poenika oegi saged itjal menawi nedya dipoenitjali. Ing sadèrèngipoen ngatoeraken rembag koela, keparenga njoewoen priksa roemijin. Poenapa goenanipoen tjatjaran wonten ing b a o e s i s i h n g i n g g i l? Manawi kapindah ing péranganing badan sanèsipoen poenapa boten kénging? Oepami wonten ing lengen ngandap, sanginggiling oegel - oegel, sangandaping sikoet; preloenipoen gampil pambikakipoen, boten soesah mawi oetjoel rasoekan; lan gampil anggènipoen andjampèni. Dados boten sanget-sanget anggènipoen . . . . katingal ingakatah. Menawi mitoeroet ingkang sampoen koela soemerepi lan koela alami pijambak, teka inggih angsal kémawon. Kala koela badé dipoentjatjar poenika, koela ladjeng ngatoengaken tangan koela kiwa kaloemahaken, lan lengenaning rasoekan sampoen koela wingkis minggah, kalijan matoer „Koela njoewoen ngriki kémawon." — kalijan noedingi lengen ngandap, sanginggil oegel-oegel.

Inggih ladjeng dipoen - garit kaping kalih rit, rit, rampoeng, ladjeng késah. Saoepami sadaja kados makaten, koela wantoen tanggel jèn sadèrèk wanita tamtoe boten badé mandeg mangoe. Mila para sadèrèk mangga dipoentjobi, njoewoen wonten ing lengen ngandap kémawon. Sanadjan poenika kanggé sadèrèk prija tamtoe inggih langkoeng gampil lan saé tinimbang kalijan jèn wonten ing baoe sisih nginggil. Menggahing dadosipoen, saking pangraos koela teka sami kémawon. Pangapoenten menggah pamanggihing para ahli tjatjaran ? ? ? Tjatjaran wonten ing baoe poenika poenapa roemijin-roemijinipoen inggih saking dawoehing nagari? Lan sapoenika poenapa wonten pakèwedipoen manawi nagari ladjeng dawoeh, tjatjaran wonten ing lengen ngan

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

SAKING RAMBIPOEDJI:

R. K.

I.

R.K. ateges Roekoen Katholiek: poenika pakempalan pangroekti-laja, dipoen degaken déning sadèrèk goeroe kath. sawatawis ing koekoeban Djember, kanggé sadaja kadang kath ing Djawi Wétan.

II.

Toedjoenipoen, kedjawi ngempalaken sadèrèk lan ngraketaken pitepangan, sageda sami toeloeng-tinoeloeng jèn pinoedjoe karibedan, sarana soembangan kapendet aken arta kas.

III.

Saben warga kawadjiban gadah arta apesipoen f 25 wonten kas, kabajar kaping 9; pembajaran sapisanan f 5 lan saben woelanipoen f 2.50.

IV.

Jèn wonten warga oetawi simahing warga tilar donja, angsal soembangan $^1/_2$ kas. Jèn batih $^1/_3$ kas.

Batih = tijang noenggil sagrija lan dados tanggelanipoen kepala roemah.

V.

Pinten krowoking kas, kedah énggal-énggal katambal; lan panambaling kas waoe kapara wradin mitoeroet tjatjahing warga.

VI.

Jèn wonten warga kasripahan, kedah énggal-énggal soeka soemerep dateng penningmeester ingkang sanalika ngrikoe kedah sampoen tjoemawis njekapi kabetahanipoen ingkang kasripahan lan ngabari warga sanèsipoen.

VII.

Jèn wonten warga kasripahan, warga sanèsipoen (sekalijan) sinaosa tebih, jèn saged, sami merlokna lajat, soepados sami sesarengan ngrampoengi pangrimating majit tjara kath.

VIII.

Sinten-sinten kadang kath: ingkang ngersakaken mlebet dados warganipoen R. K, karsaa soeka soemerep sarana mondeling oetawi kintoen serat (sa-artanipoen pisan) dateng mantri goeroe Standaard-school Rambipoedji.

IX.

Arta kas k nging dipoen contrôle lan saben warga kénging moendoet wangsoel artanipoen ing sawantji - wantji.

X.

Sinten ingkang sampoen kintoen arta dateng Rambipoedji, sampoen nama dados warga R. K. lan sampoen gadah: h a k: soembangan mitoeroet bab IV.

Kita ngwontenaken pakempalan kados makaten poenika margi roemaos kapentjil. Dados sinaosa rekaos, inggih sami katindakaken. Sinten mangertos, jèn pakempalan R.K. poenika ing dinten wingking saged dados tjabang P. P. K. D. afd. Oost-Java! Kadang kath. kedah wonten ingkang dados warganing salah satoenggiling raden. (Regentschapsraad - Gemeente - raad - Prov. raad S.s.s.). Panngdjaka kados makaten waoe boten saged kaleksanan jèn kita tijang kath. sami kèndel kémawon.

Para sadèrèk, kekijatan kita, goemantoeng wonten pandjenengan; kawiloedjengan kita, ing wekdal sapoenika lan ing dinten wingking oegi wonten ing pandjenengan sadaja. Begdja - tjilakaning anak poetoe kita ing tembé wingking goemantoeng dateng kita sadaja ing wekdal sapoenika.

Oo sadèrèk, katah-katah ingkang taksih wonten kandoetan koela, nanging kados-kados semanten kémawon sampoen njekapi dateng pandjenengan sadaja sadèrèk ing koekoeban Djember lan sakiwa-tengenipoen.

Moegi - moegi, sageda kalampahan poenapa ingkang dados pandjaka kita.

Parepatan tjabang P. P. K. D. Doekoen.

Kala dinten Kemis sonten tg. 27 - 11 - '30 tjabang P. P. K. D. Doekoen ngawontenaken ledenvergadering manggèn ing J. K. Praptahandajan. Ingkang boten rawoeh warga pangrèh 1, lid 1, déné wakil pamaréntah pandjenenganipoen A. W. pijambak, tamoe 2, goenggoeng kempal ingkang rawoeh 13.

Ingkang karembag (Agenda):
1. Pamboeka.
2. Maos notulen.
3. Maos serat saking H. B.
4. Ngoemoemaken Statuten.
5. Herordeningsplan Lagere Onderwijs.
6. Pitakénan (Rondvraag).
7. Panoetoep.

Watawis djam satengah gangsal parepatan kabikak lan saged moejeg (ramé) boten nglingsemaken.

Angsal - angsalanipoen rembag:

Notulen pinanggih absah: namoeng kirang tjeta sakedik prekawis tradjanging kempalan kita mawi dedasar Cöoperatief; poenika Coöperatief kalijan sinten; ladjeng katerangaken kalijan panitra bilih Coöperatief kalijan negari.

Statuten inggih absah; namoeng prakawis Contributie ragi ramé, nalaripoen wonten ingkang ngraos kawraten, manawi teroes 15 sèn sawoelan; ngèngeti nalika taksih dados lid wonten Moentilan: Contributie 5 sèn: ladjeng wonten oeroenan 10 sèn kanggé Soeara Katholiek: 10 sèn poenika boten tjalon saladjengipoen; lan ingkang oeroen 10 sèn pikantoek Soeara Katholiek graties; la mangka sapoenika Swara Katholiek sampoen wonten reginipoen pijambak f 4 (kawan roepijah), dados sampoen oeroen 10 sèn sawoelan; koranipoen taksih kedah toembas f 4. Mila ngraos kawraten.

Wonten ingkang ngraos kirang adil manawi karatjak nggangsal welas sèn. Poetoesaning pangarsa; prakawis awrating contributie pangarsa boten saged ngedakaken malih; margi dateng H. B. kémawon sampoen f 0,10 (wonten pangawis $^2/_3$ ning arta ingkang katampi) ingkang f 0,05 kanggé kabetahanipoen tjabang pijambak dados medak saking f 0,15 boten saged; pangarsa namoeng mrajogèkaken béndjing kanggé oesoel dateng Congrès kémawon.

Bab adil lan boten: dados rembag malih poetoesan kasidem, pinanggihing setèm 4 pro dateng oenda oesoek 5 pro dateng ratjak 15 sèn, sanèsipoen blanco.

Herordeningsplan Lagere Onderwijs parepatan moetoes: tjotjog manawi boten ngoengkret margi dateng kamadjengan; kosok-wangsoelipoen boten tjotjog manawi njoeda kamadjengan: oetawi ngangèlaken lampah dateng kamadjengan: sebabipoen warni-warni.

1e. Babagan wontenipoen schakelklas. Manoet schema rentjana dari Dep. ond. Schakelklas nampi moerid saking onderbouw A ingkang tanpa Basa Walandi sa-ik-ika; kalijan nampi ingkang saking onderbouw B ingkang sampoen pikantoek basa Walandi sanadjana namoeng leervak dangoenipoen 3 taoen. Poenapa boten tjalon kepontal-pontal basanipoen Walandi ingkang saking onderbouw A. Lan malih rèhning wonten bovenbouw B ingkang kanggé voertaal basa Welandi, moerid saking schakelklas ingkang katampi dateng bovenbouw B temtoenipoen ingkang montjèr basanipoen Welandi. Nitik tata lahir ingkang saged montjèr basanipoen Welandi wonten ing schakelklas moerid saking onderbouw A ingkang tanpa ik béngkong; poenapa saking onderbouw B, ingkang boten étang ik sampoen lentjeng?

2e. Nitik kawontenanipoen sapoenika, laré H. I. S. ingkang wiwit klas 1e sampoen tampi voertaal basa Welandi meksa taksih katah kekiranganipoen bab basa Welandi, poenapa ingkang onderbouw B lan bovenbouw B ingkang voertaal-ipoen basa Welandi namoeng wiwit saking klas 4, badé menang kalijan H. I. S. ingkang wiwit klas 1 basa Welandi sampoen kanggé voertaal!

Ingkang wedalan H. I. S. kémawon taksih katah ingkang kaangep dèrèng mateng, poenapa saking onderbouw B lan bovenbouw B badé langkoeng mateng basanipoen Welandi? (Poenapa langkoeng gampil anggènipoen nggajoeh dateng kamadjengan?)

3e. Kanggé djaman sapoenika saweg badé dados . . . . . kémawon kedah saged tjara Welandi; boekoe-boekoe ingkang isi kawroeh inggil-inggil oetawi kanggé margi andjangka dateng poendi-poendi kaprahipoen Welandi, manawi basa Welandi kasoeda poenapa badé madjeng? sing go madjoe wé apa?

Poenapa boten njoeda basa Welandi? kadosta H. I. S. basa Welandi kanggé voertaal salebetipoen 7 tahoen. Sapoenika badé medal rantjangan kl. I — III basa Welandi namoeng leervak; kanggé voertaal wiwit kl. IV — VII'

Apa ora ngerti jèn dianani schakelklas? Kono koewi rak kena kanggo n g e p l o t a - ké basa Welandi?

Inggih; saoepamia makaten (schakel klas kanggé ngeplotaken) poenapa kawoela nama boten roegi? 7 dadi 8 ki? Moeng 1 (dji wé). Sanadjan namoeng angka 1, ageng poenika aosipoen.

Watawis djam 8 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng. *)

Verslaggever.

P. P. K. D. tjabang Mataram.

Minggoe 30 - 11 - '30 P. P. K. D. tjabang Mataram ndamel ledenvergadering manggèn sekolahan Kambing. Ingkang rawoeh loemajan.

Djam 10 dipoenbikak mawi adat Katholiek.

Menggah ingkang karembag:

I. Maos notulen teroes kaabsahaken.

II. Sadèrèk Jama nerangaken bab herordeningsplan sinambi nanding wontenipoen sakolahan sapoenika. Sasampoenipoen katerangaken satjekapipoen lan sawatawis sadèrèk sami oegi njoekani rembag-rembag, parepatan ladjeng damel poetoesan bab wontenipoen herordeningsplan kados ing ngandap poenika:

a. Boten moepakat wontenipoen herordeningsplan:

b. Lijeripoen onderwijs dateng locale raden temtoe badé ngrendetaken adjenging onderwijs.

c. Wontenipoen rantjangan waoe oegi njoeda katahing laré ingkang tampi woelangan (standaard onderwijs lan Westersch lager onderwijs), ateges ngalang-alangi kemadjenganing onderwijs.

d. Herordeningsplan waoe mesti ngandapaken inggilipoen (pijl) onderwijs Indonésia.

e. Saged njaèkaken onderwijs, boten oesah ngéwahi kawontenaning sekolah.

Djam 1 sijang parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Verslaggever.

*) Béndjing malih verslag kadamela tjekak. Red.

---

dap? Djer makaten poenika badé saged njoeda raos ingkang kirang prajogi.

Prakawis dipoenwonteni mantri tjatjar èstri poenika, jèn koela matoek sanget; awit kadjawi ngèngeti 1e kasoesilan 2e, kasarasan lan 3e saged maringi pangoepadjiwa doemateng wanita, oegi ngèngeti, jèn padamelan natjar poenika boten awrat sanget, gampil dipoentindakaken déning sadèrèk wanita. Ingkang rekaos poenika namoeng anggènipoen loemampah.

Nanging jèn dipoensoekakaken ing kita oetawi papan ingkang ramé kados prakawis lampah boten badé dados alangan. Ing sapoenika sampoen katah goeroe poetri, tjarik-tjarik èstri, verpleegster, moenggoehipoen inggih ladjeng dipoenwonteni mantri tjatjar èstri.

Ing wasana koela namoeng memoedji moegi ingkang wadjib kersaa manggalih prakawis poenika.

Poen E. Pandada.

HERORDENINGSPLAN.
II

(Sambetipoen Sw. T. no. 48).

Herordeningsplan poenika, manawi katampi ing Raad Kawoela, badé katindakaken wiwit 1 Djoeli taoen ngadjeng. Sadaja sakolahan doesoen, poenapadéné Standaardschool klas 1, 2, 3. ladjeng kadadosaken *onderbouw A*. Vervolgschool, lan Standaardschool klas 4, 5 (lan 6) kadadosaken *bovenbouw A*. Ladjeng saben taoen katahipoen dipoenwewahi. Makaten oegi klas 6.

Klas 1 H.I.S. lan klas 1 H.C.S. ingkang wontenipoen ing tanggal 1 Djoeli '31, ladjeng kadadosaken *onderbouw B*. Déné klas 2 doemoegi 7 ing H.I.S. lan H.C.S. lestantoen, nanging saben taoen klasipoen kalong satoenggal, wasana dangoe-dangoe telas. Tegesipoen H. I. S. lan H.C.S. *itjal* pijambak. Déné klas afdeeling B. saben taoen mindak.

Wiwit titimangsa waoe, kaedegaken onderbouw B. katahipoen 16 kanggé bangsa Indonesia, lan 8 kanggé bangsa Tionghoa. Taoen 1932, dipoenwewahi, inggih semanten. Taoen 1933 wiwit ngedegaken *Schakelklasse*.

Taoen 1934 wiwit ngedegaken *bovenbouw B*.

* * *

Toedjoening éwah - éwahan poenika:

a. Sageda anglijeraken sakolahan-sakolahan andap dateng Regentschapsraad, Gemeenteraad, lan Provinciale raad.

b. Anglonggari pasinaon basa Walandi dateng bangsa Indonesia.

c). Adamel prasadjanipoen (vereenvoudiging) sakolahan - sakolahan andap kanggé bangsa Indonesia.

d). Soepados laré - laré ingkang boten saged tamat H. I. S. sageda angladjengaken, ngantos saged angsal piwoelang noetoeg.

a). Anglijeraken pamoelangan dateng Locale raden.

Pitakèn: Poenapa kekijatanipoen Locale Raden sampoen njekapi kanggé roemeksa sakolahan - sakolahan waoe? Poenapa kijat kanggé njanggi indaking tjatjahipoen pamoelangan ingkang timbang kados manawi sakolahan wonten astanipoen Paréntah pijambak.

b). Anglonggari pasinaon basa Walandi kanggé titijang bangsa Indonesia.

Prakawis poenika, mila inggih makaten! Nanging wohipoen?

c). Mrasadjakaken sakolahan-sakolahan andap kanggé bangsa Indonesia.

Poenapa inggih? Djer manawi herordeningsplan katindakaken, badé wewah warni - warnining pamoelangan andap, awit ladjeng wonten:

1. Onderbouw A. (volksschool).
2. nOderbouw A. lan bovenbouw A. (Standaardschool).
3. Bovenbouw A. (vervolgschool).
4. Onderbouw A. kalijan bovenbouw A. ingkang mawi basa Walandi.
5. Bovenbouw B. dados satoenggal kalijan bovenbouw A. ingkang mawi basa Walandi.
6. Onderbouw B. kaemor kalijan bovenbouw B. lan A.
7. Onderbouw B. kaemor kalijan bovenbouw A.

Poenapa poenika nama vereenvoudiging?

d). Soepados laré - laré ingkang kepeksa boten saged tamat H. I. S. saged andoemoegèkaken sakolah, ngantos pikantoek pangadjaran ingkang noetoeg (wonten ing bovenbouw A.)

Pitakèn: 1. Poenapa panjaringipoen laré dateng bovenbouw B. saking onderbouw B. poenika saged resik saèstoe? Poenapa boten badé wonten daja ingkang andjalari boten beninging panjaring? 2. Manawi nijatipoen pantjèn makaten, djebolan H. I. S. samangké poenika poenapa boten saged ladjeng mlémbar dateng sakolahan angka kalih? Dados boten soesah ndadak ngéwahi kawontenan?

* * *

Lepat - lepat sedya makaten poenika saged ginagapan ateges njoeda tjatjahing laré wedalan H.I.S. (afd. B.) ingkang teroesaning sakolahipoen katah saja andedel minggah.

Langkoeng - langkoeng déné tjatjahing bovenbouw boten katamtokaken! Poenapa saben onderbouw satoenggal, ladjeng wonten bovenbouw-nipoen? Poenapa onderbouw pinten - pinten, bovenbouw - nipoen namoeng satoenggal? Manawi onderbouw pinten-pinten, bovenbouw satoenggal, poenika ateges bangsa ngriki dipoen*peksa aloes:* koedoe moeng olèh pangadjaran teloeng taoen ana ing onderbouw!

Poenapa pangadjaran *tigang taoen* poenika, sampoen tjekap? Politik *angeremaken* mripatipoen bangsa Indonesia, poenapa ngadjengaken bangsa?

Inggih prakawis *tjatjahing bovenbouw* poenika prakawis ingkang penting pijambak. Manawi bovenbouw ngantos boten sami kalijan onderbouw, inggih bangsa kita ingkang tjilaka mentjit. Ingkang katah namoeng wedalan onderbouw.

* * *

Gandèng kalijan prakawis - prakawis poenika, koela boten saged anamtokaken poenapa herordeningsplan poenika saged langkoeng moepangati, tinimbang H.I.S. samangké!

(Badé kasambet).

-: EKONOMI :-

WAWASAN BABAGAN PANGGESANGAN LAN PANGGAOTAN.

(joernalistik)

— dados joernalis pendamelan nista?? —

Sedèrèk koela sepoeh *H. Tjitra* sampoen naté damel dongèng wonten Sw. Tm. no. 45 mawi kepala kirang langkoeg nkados nginggil poenika.

Lah, koela inggih gadah, mangga sami dipoenpanding, sami déné tjesplengipoen poenapa boten.

[Itjalipoen djéndral Koetjepoff].

Ingkang dados tjangkriman énggal badé kebatang.

Sapoenika sampoen tjeta, bab itjalipoen djéndral Koetjepoff énggal badé kasoemerepan terang, margi saking lelabetanipoen joernalis Roes Wladimir Bourtzeff.

Sampoen wiwit djaman sadèrèngipoen perang djoernalis poenika sampoen saged damel padang satoenggiling prekawis ingkang *peteng*, margi saged ndoemoek tijangipoen ingkang nama Aseff, doersila ingkang sanget djoelig.

Sawetawis woelan kapengker Bourtzeff sampoen njerat ing „La cause Commune", serat kabar Roes ingkang medal ing Paris, njeboet nama-namaning tijang ingkang ngingataken djéndral Koetjepoff.

Kabar waoe dipoenmot nanging boten katanggel ing redaksi, margi redaksi boten patos pitados dateng paseksèn - paseksèn ingkang dados landesaning kabar waoe, ingkang ateges pendakwa ageng-agengan.

Sapoenika Bourtzeff sampoen wangsoel saking Berlin, kadjawi saja saged ngoegemi karanganipoen kala roemijin, inggih mbekta angsal - angsal ingkang langkoeng wigatos.

„Prekawisipoen Koetjepoff poenika" mekaten tjarijosipoen Bourtzeff „sapoenika samppem terang. Koela sampoen ngertos tak-toekipoen, kados-poendi anggènipoen nginggataken, sinten ingkang nandangi lan sinten ingkang *mbisiki*".

Sedaja tjarijosipoen Bourtzeff awewaton tjarijosipoen André Fikner, djoeroe-rembaging oetoesan Sovjèt ing Berlin lan dados pangarsaning ada Tjéka ing Europa.

Fikner pijambak *toemoet* ngingataken Koetjepoff: tijang ingkang toemandang sedaja sami sijaga saèstoe, ingkang dados penoentoen Goldenstein, Guelfout, Kellert lan Janovitch.

Déné djéndral Koetjepoff pijambak, let sedinten kalijan anggènipoen kainggataken, ladjeng tiwas, margi ketaton kala saweg ka—— bojong.

Fikner pijambak ingkang saged oewal saking gegemaning Tjéka, tijang ingkang sami nginggataken Koetjepoff sampoen sami *karampoengan* wonten ing Moskow.

Temtoe kémawon namanipoen Fikner sapoenika kalebetaken ing lijst tjemeng ingkang isi nama-namaning tijang ingkang . . . . . djoewarakaken wewados-wewados Roeslan (kados Koetjepoff kala roemijin, *And.*)

Tilgram B. T. A. saking Paris njarijosaken, bilih djoernalis Roes ingkang nama Bourtzeff, margi soemerep wewados-wewados ingkang gawat magepokan itjalipoen djéndral Koetjepoff, sampoen katimbalan djeksa toekang niti priksa perloe kadedes . . . . (mekaten oengeling kepèk koela ingkang djam 11 kala waoe dateng saking ngatas-angin).

Lah, mangga kepèk waoe sami dipoenpétani:

1) Sampoen limrahipoen sedaja oetoesan ingkang kapoerih nindakaken *wewados ageng*, jèn sampoen rampoeng temtoe ladjeng kaperdjaja: in naam van het land! (Temtoe kémawon warisipoen angsal noegraha ageng).

Mila boten anèh tijang-tijang ingkang kapoerih nginggataken djéndral Koetjepoff saking Paris dateng Moskow, sareng sampoen angsal damel: dipoen-*rampoengi*.

Tjara mekaten poenika oegi pinanggih ing lelampahan winados sadèrènging perang ageng, nalika propésor Inggris manggih obat ingkang peng-pengan, ... boten let dangoe propésor waoe itjal, lan let sawetawis dinten gedong ing Berlin wonten ingkang: djebloeg! (lan katah para pengandjoering bala sami tiwas, tanda propésor waoe kainggataken, kapoerih damel proef, kantoen - kantoen dipoenkatahi damelipoen, ngantos gedongipoen toemoet katoet!)

Oepami gedong waoe boten andjebloeg, propésor dalah tijang ingkang sami kapoerih njolong propésor waoe, *in naam van Deutschland!* (jèn recept obat sampoen ketjepeng) inggih dipoen-*rampoengi*.

2) djéndral Koetjepoff poenika tilas wewakil Roes wonten Paris, nanging ladjeng neda kèndel, lan semoe pantjèn badè . . . . ngipataken (malah ndoewa) Roeslan. Kaawé dateng Moskow boten poeroen, ladjeng dipoen . . . . . telik sandi oepaja, kainggataken. Awit oepami *poeroen* dateng Moskow, boten sandé inggih dipoen . . . . rampoengi, margi sampoen keladjeng mbèbèr wewadosipoen Roeslan wonten ing koran basa Perantjis!

Lah, sapoenika Koetjepoff tiwas, mengsahipoen Roeslan malah wewah kalih: Bourtzeff kalijan Fikner! (Wolak-waliking kawontenan!!)

3) Ingrikoe katingal, jèn djoeroe ngarang poenika *jèn keleresan* boten nista, nanging malah „Prawira", dados toekang mandjer bandéra kanjatahan! (Lo, wong tjontonipoen ngégla, wonten!! jèn taksih kirang, mangga ngandap poenika kapirsanana:)

* * *

McCullaugh, djoeroe ngarang Irlan, sampoen mbloesoek ing Roeslan, tanah Tiongkok lan Mexico, ngantos saged ngadoek-adoek wewadosipoen Mexico ing sakajang - kajangipoen, andjalari donja *nggega*, jèn nalika kala samanten ing mexico *wonten* pangoeja - oeja ageng-agengan, boten kok tijang *Katoelik ngraman*, nanging *negari ngoeja-oeja kaoem Katoelik!* Bab tradjangipoen McCullaugh poenika sedaja kabèbèr ing *De Koerier*, taoen pinten, Andaja kesoepèn.

Pijambakipoen boten adjrih pedjah, njamoer lan mbloesoek ing sedajaning kalangan, ngantos saged njoemerepi ing sawantahipoen, saged *ngertos*, jèn tilgram saking Mexico sedaja *tjitakan* saking Goepermèn Mexico, boten *manoet* sanjatanipoen!

Lo semanten, ingkang nedya nista kadjengipoen nista, namoeng *kita*, poetra Indonesia Katoelik, jèn saged noelada McCullaugh oetawi Bourtzeff, ingkang boten ngertos temboeng *mati* lan *pedang*, namoeng ngertosipoen: akoe koedoe mandjer bandéra kanjatahan!

Poenika tjonto oetami! dados djoernalis kanggé pados teda saé kémawon, jèn poeroen ngoerbanaken selira saja oetami, dados: manggaota ngiras ngetingalaken keprawiran, sedaja pènipoen saged kloeroek: gilo, akoe wong lanang. Sampoen ngantos para ngarang ing Swara-Tama klebet ing kategorie (semi) joernalis nista.

Koela matoer „semi" margi Sw. Tm. dèrèng dados dagblad.

Samanten roemijin,

kantja lami, *Andaja*.

CORRESPONDENTIE:

Saking Red. Sampoen tampi soembangan karanganipoen: B. Satari, Ngw.; Aliminiem; Patricius; Md. Soekijathi. Matoer noewoen! Nanging margi ndredjeling poen kopi lan roepaking poen papan, boten saged nglebetaken sadaja.

J. S. P. ing Sdj. Bab poenika poenapa boten prajogi njoewoen pirsa dateng Rama ingkang tjelak ing ngrikoe?

Saking Adm. Soedah trima dari H. D. Mac. Gillavrij, Ambarawa: gedenk - porte - feuille. Banjak trima kasih!

ECONOMIE SAKING SESORAHIPOEN R. T. MR. WANGSANEGARA.

Kala Ngahad tg. 30 November 1930 — B.O. lan P.G.H.B. tjabang Klatèn ngwontenaken openbare vergadering manggèn ing „Universal Theater" kadatengan tijang ± 700. Menggah isining pakempalan woedjoed sesorah bab economie (déning R. T. Mr. Wangsanegara) lan bab herordeningsplan kanggé lagere onderwijs (déning sedèrèk P.G.H.B.)

Ing ngriki kanti sengadja koela namoeng mreslah sesorahipoen pandjenenganipoen R. T. Mr. Wangsanegara. Kedjawi poenika para sedèrèk temtoenipoen sampoen boten kekilapan priksanipoen dateng herordeningsplan poenika (saking „Persatoean Goeroe" oetawi saking P. G. H. B. of saking Swara Tm.)

± djam 10 pakempalan kabikak déning sedèrèk Soeradji, R. T. Mr.

Wangsanegara ladjeng dipoenantjarani ngandika. Kirang langkoeng mekaten wosing sesorahipoen:

Economie poenika satoenggiling bab ingkang perloe. Perloe toemraping maatschappij, perloe toemraping badan pijambak-pijambak. Economie poenika satoenggiling srana ingkang kénging kanggé nggajoeh poenapa-poenapa oep.: prekawis onderwijs, kagoenan, kasoesastran, agami enz. (ladjeng damel oepami warni-warni). Samanten oegi adeging pradja inggih kadasaran ing kijating economie. Kados déné pangrembaging mergi-mergi, dilah-dilah, pengadilan, tetanèn enz. lan gandèngipoen kalijan pradja sanès srana ngwontenaken pradjoerit enz., poenika jèn boten wonten economie boten saged toemindak. Inggiling politiek, inggih boten tilar economie. Mandar perang ageng ingkang kapengker poenika kémawon merginipoen sapérangan ageng djalaran saking tangleting pradja-pradja ingkang djor-djoran prekawis tebaning economie (industrie). Samanten oegi salebeting perang, kekijatanipoen pradjoerit inggih namoeng kadasaran ing kijating economie; oep.: agenging begrooting ingkang kanggé: dedamel, motor maboer, baita enz. Kawonipoen Djerman, poenika boten mergi ringkihing dedamel, nanging mergi pedjahing economie — ketelasan teda.

* * *

Sampoen kados déné kinodrat economiening pradja sadonja poenika gegandéngan dados satoenggal srana linton-lintonan pamedal. Mergi mekaten poenika temtoe kémawon menawi wonten gèsrèkipoen economie pradja satoenggal lan satoenggalipoen, inggih ndadosaken gèsrèking pepréntahaning pradja kalih-kalihipoen waoe, lan saged oegi ndadosaken peperanganipoen. Mangka menawi wonten peperangan lintonan waoe stop boten toemindak, ndadosaken pedjahing kabetahanipoen pradja kalih-kalihipoen.

Milanipoen bakda perang ageng ladjeng katah pradja-pradja ingkang ngoedi dateng kamardikaning kaeconomie-an. Inggih poenika sasaged-saged sadaja kabetahanipoen boten badé neda pitoeloenganipoen pradja sanès, nanging badé kadamel pijambak. Mekaten poenika boten saé, mergi sok wonten kalanipoen, wonten pradja (tanah) ingkang boten gadah aanleg ngedalaken satoengiling pamedal, ing wekdal poenika ladjeng kepeksa ngedalaken.

Sampoen tjeta sanget bilih kamardikaning pradja poenika goemantoeng sanget dateng adeging economie. Pradja saged merdika — déning economie. Pradja saged itjal kamardikanipoen — déning pedjahing economie.

(Badé kasambet).

DEDASAR LAN TOEDJOENING KAWROEH BAB ECONOMIE I:

Ombjaking djaman samangké, kadjawi para Pengandjoer Indonesiers sampoen sami nggregoet toemandang soemedija njaèkaken economiening bangsa, srana ngedegaken bank National, pakempalan dagang, coöperatie, verbruikscoöperatie, economiesche vereeniging (P. P. P. H; O.R.B.H; S.K.B.I; Sarékat Tani) l.s.p. katitik oegi jèn bangsa kita Indonesiers sampoen katah ingkang tangi ndandosi economie, katanda saking wontening pakempalan-pakempalan njèlèngi, coöperatie, verbruikscoöperatie, credietcoöperatie l. s. p. ingkang kaedegaken ing doesoen-doesoen lan ing kita-kita, déning tjabanging pakempalan B. O., P. G. H. B. l. s. p.

Makaten oegi wonten ing serat-serat kabar babagan economie tansah dados rembagan. Poenapa malih kabar kita si Tjantik manis Sw. Tm. inggih boten poeroen kantoen. Awit kadjawi katah prijantoen ingkang asring ngrembag wonten ing riki, pandjenenganipoen kangmas Andaja oegi tansah karsa njoembang wawasan babagan ébah-ébahing economie saking ngamantja. Adjenging economie pantjèn perloe sanget!!! Katah ingkang sami tjrijos ombjaking pakempalan politiek ngoedi kamardikan boten badé katah goenanipoen, jèn babagan economie dèrèng madjeng.

Wonten ing riki koela inggih saged matoer jèn adjenging economie, gesang wonten ing economie, ndajani oegi toemraping badé kanggé njaèkaken lan mangsoelaken kalakoean, kasoesilan ingkang mblasar lan awon toemraping bangsa. Nanging makaten poenika jèn katindakaken kalajan temen-temen, medal margi ingkang leres lan boten kesasar kadjoengoep wonten ing djoerang déning dajaning arta, banda, kasoegihan l. s. p.

(Bab poenika béndjing sanès dinten prajogi kerembag malih).

* * *

Noewoen!

Kados atoer koela kasboet nginggil waoe katitik jèn kanggénipoen golongan sanès Katholiek sampoen katah ingkang tangi ndandosi economie. Lha, balik sapoenika kanggé kita poetra Katholiek Indonesiers poendi; poenapa inggih badé kèndel kémawon?

Leres sapoenika kita sampoen gadah pakempalan njèlèngi, inggih poenika Roekti Woeri. Nanging poenika poenapa sampoen tjekap kanggé njaèkaken economie? O, dèrèng .— Lha, ladjeng kados poendi? — O, saged oegi para ingkang kawogan sampoen kagoengan karsa badé pados srana pangoedi sanèsipoen kados golongan ndjawi oetawi ing sawenèhing tjabanging pakempalan kita K. W, P. K. W, wonten ingkang sampoen ngadani wiwit toemandang.

N. B.: (Kanggé K. W. ing Poerwaredja kados-poendi, noen? Lan poenapa kita poetra Katholiek Indonesier ing koekoeban kita kasboet, boten selajakipoen nggéndoli ingkang kentjeng, angoedi amrih pandjanging oemoeripaen pakemlan kita K. W., P. P. K. D., sampoen ngantos lolos saking kita kasboet). — O, poen gendoenking Pang. rinten daloe toemoet prihatos mamoedji lan ngadjeng-adjen sanget, sampoen ngantos pakempalan waoe èstoe lolos saking Poerwaredja.

* * *

Noewoen!

Ing sarèhning saénipoen economie mila pantjèn perloe sanget kaoedi, awit kadjawi kados ingkang koela atoeraken nginggil waoe, inggih oegi badé andajani kanggé ageng lan djembaring gagajoehanipoen toedjoening pakempalan kita babagan sociaal, lan malih saged oegi ndjalari soedaning wontenipoen sadèrèk kita poetra Katholiek Indonesiers ingkang karsa; tèken djrèt wonten ing zegel, moeroegi dateng panggènanipoen bah nganten, pak kjai Arab oetawi oom Jan (pagantosan).

Prakawis poenika moegi ndadosna panggalihanipoen para ingkang kawogan.

* * *

Noewoen.

Wonten ing serat kabar kita si-Tjantik manis Swara Tama ngriki, poen gendoek ing Png. moegi kaparenga oegi toemoet-toemoet njaosi wawasan sanemlik (sadjimpit, sanjoemlik) babagan theorie lan pangoedining economie.

Nanging moegi sampoen ngantos ndadosaken kedjot lan tjoewaning panggalih, déné atoer koela wawasan waoe kadjawi namoeng sanemlik, oegi tjoempèn, taksih katah sanget kekirangan lan koetjiwanipoen.

Lan malih sampoen kagoengan panjana, jèn poen gendoek ing Png., sagedipoen matoer babagan theorie lan pangoedining economie waoe margi sampoen nglampahi lan ngetjakaken.

O, prakawis poenika kanggénipoen badan koela pijambak boten koela manah babar pisan. Ing ngriki poen gendoek ing Png. namoeng badé toemoet keplok-keplok, djingklak-djingklak jèn ta ningali para poetra Katholiek Indonesiers sampoen katah ingkang madjeng prakawis poenika.

Rak inggih makaten ta kangmas Andaja.

Sampoen samanten roemijin, béndjing malih.

Pangènredja.

Percy Blakeney.

VARIA

R. OGAWA NGAKENI LEPATIPOEN.

(Pambengokipoen „Trenggana" berboeah!!!).

Ngiras mangsoeli orèhanipoen dimas „Tjiptamaja" gegandèngan lan artikel Trenggana bab actie Firma R. Ogawa!! Artikel Trenggana dados penggalihanipoen sad.: Katholiek ing Solo! K. W. afd. Solo tampi serat saking P. K. W. soepados K. W. nindakaken actie saperloenipoen! Ladjeng gandèngan tak-tek; poetoesan (ngideraken lijst dateng goeroe-goeroe sadaja ing Solo, ingkang saroedjoek lan actie K. W. kersaa tapak asta. Ingkang kersa ± 100!! Soepados saja kijat badé njamboet damel sesarengan lan P. G. H. B. afd. Solo, Wonten alangan ingkang boten perloe koela atoeraken ingriki. K. W. teroes toemandang pijambak!!

K. W. kintoen serat pepènget dateng Firma R. Ogawa!

Tampi wangsoelan saking Firma kasboet katiti mangsan 20 November, katandan tw. R. Ogawa pijambak; wosipoen njagahi panedanipoen Pangrèh K. W. sampoen ngantos wonten tindak makaten malih! Njarijosaken jèn toemindak makaten waoe tw. R. Ogawa boten njoemerepi, djer nalika samanten saweg perlop dateng Japan! Sapoenika tw. R. Ogawa sampoen dateng!

Tw. R. Ogawa matoer noewoen déné kaémoetaken tindakipoen ingkang klèntoe.

Samanten kémawon katrangan koela dateng dimas „Tjiptamaja". *)

TRENGGANA.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

MANAWI KOELA BANGSA ÉROPAH, ...

Manawi koela dados bangsa Éropah! Ladjeng ngoelir boedi, ngotak-atik nalar, ngantos saged moedjoedaken patokan: *„Djagad Wétan koedoe kawasésa djagad Koelon! Bangsa Wétan koedoe dadi sor-sorané bangsa Koelon!*

Nanging, koela poenika tijang Wétan. Koelit koela boten petak. Mripat koela boten siwer. Mila inggih boten damel patokan makaten. Ingkang koela èsti *djadjaripoen Wétan* kalijan *Kilèn*. Sampoen ngantos wonten tandoek ambédakaken. Sampoen ngantos wonten bangsa njahak wewenang leres lan adil.

Algemeen Handelsblad nembé poenika metik karanganipoen dr. A. Legendre wonten ing La Presse Medicale, 5 April. Karangan waoe asisirah: „Apa bangsa-bangsa iki pada adjiné?" —: *„Zijn de menschenrassen gelijkwaardig?"*

Dr. waoe ambabadaken anggènipoen kala kinanipoen bangsa Kilèn saged nekem bawana sanès, kabekta saking langkoeng inggil, langkoeng bregas, langkoeng loehoer, langkoeng gembléngan tinimbang bangsa Asijah. Saladjengipoen angoemoekaken anggènipoen bangsa koelit petak saged adamel rahadjenging djagad. Malah bangsa Wétan pijambak ingkang sampoen inggil tataraning adabipoen, tjarijosipoen *angakeni* bilih pamoerbawasésanipoen het blanke ras toemrap politik lan ékonomi poenika adamel *rahadjeng* lan pantjèn *boten kénging dipoensélaki*. Tjekak Éropah langkoeng menang ing sapoenapa-poenapanipoen tinmibang bangsa Wétan!

Saladjengipoen katjarijosaken kawontenan ing sapoenika. Wiwit 25 tahoen kapengker, langkoeng² salebetipoen sadasa taoen sapriki, wonten bendé moengel ngoengkoeng: „Bangsa-bangsa ing Asijah! Pada andjaloeka mardika! Pada andjaloeka maréntah déwé!" „Mangka, bangsa-bangsa poenika waoe nama saweg soememi. Taksih laré alit. Boten saged bawa pribadi. Wawarah wasijatipoen Wilson makaten poenika, tjarijosipoen andrawasi sanget. Lalajananipoen Kilèn kalijan Kilèn poenika doenoengipoen namoeng *angembani*. Namoeng *voogdij!* Inggih voogdij ingkang temenipoen perloe sanget, lan mikantoeki toemrap tijang siti. Nanging voogdij poenika waoe, dipoenoendangaken kaoem sosijalis dateng saloemahing djagad: bilih tetep ambawaha maréntah, amoerba amasésa!

Wasana ladjeng kapratélakaken wontenipoen galagat angoesir bangsa koelit petak saking bawana Asijah ingkang ateges nglorodaken daradjadipoen het blanke ras, poenika leresipoen margi *lepatipoen tijang Kilèn pijambak*.

Lepat kados-poendi?

O, margi bangsa Kilénan sami mendem anggelaraken ngèlmoe kamardikan lan sami-sami: *vrijheid* lan *gelijkheid* Ngèlmoe makaten poenika pantjèn ambabajani toemrap bangsa ingkang taksih „botjah wingi soré." . . . . .

* * *

Poenika wedjanganipoen sardjana dr. Legendre.

Lan ingkang gadah kandoetan makaten poenika boten namoeng dr. Legendre kémawon.

Koela ngakeni, ing *wekdal samangké* bangsa *koelit berwarna* mila saweg kawon kalijan bangsa koelit petak. Inggih babagan radjaniti, inggih ékonomi, sasaminipoen.

Nanging, kawon ing wekdal *sapoenika*, boten ateges *salaminipoen* badé wonten ngandap.

Boten kénging ladjeng kaanggé pantjadan jasa paoegeran: *Wétan ora bisa mapaki bangsa Koelonan!*

Manawi Djepang toewin Tiongkok saged kados makaten, poenapa tijang siti ing Indonesia, ing Indo-China, lss. boten saged? Mangka Djepang lan Tiongkok poenika kalebet bangsa koelit berwarna!

Nanging, manawi kawontenanipoen Indonésia lestantoen makaten kémawon, inggih lestantoen anggènipoen apawakan *batoer*.

Mila pamanggih Legendre ingkang ngemoe raos ngepak bangsa Wétanan poenika mandjinga dados tjemeti. Andajanana saja santering pambalapipoen dateng kamadjengan ékonomi, tèhnik, lss. Sampoen ngantos namoeng tansah dipoenétjé, dipoenbotjahaken. Sageda ladjeng *djadjar saèstoe* ing babagan poenapa kémawon.

Dr. A. Lagendre gadah pamanggih anggènipoen bangsa *golongan batoer* ladjeng tinarboeka, poenika saking *lepatipoen Kilèn pijambak*, déné sami mendem amedjang ngèlmoe vrijheid, gelijkheid, lss.

Mangga pamanggih poenika pandjenengan tloesoepi. Mangké badé wonten topèng kawijak.

Margi lepatipoen ngrika pijambak! Ingkang gadah pamanggih makaten poenika boten namoeng Legendre. Balanipoen katah.

Patjar Mérah saged njerat wonten ing koran. Poen Hèrlangga saged aseseboetan doktor, meester. Sawoenggaling, saged moengel: „Akoe ndjaloek mardikaning tanahkoe!"... Poenika waoe sadaja ingkang ambibiti pantjèn bangsa Kilèn. Ingkang nedahaken bangsa Kilèn. Ingkang njoekani koentji bangsa Kilèn. Pikadjeng koela, margi *onderwijs!*

Dados golonganipoen Legendre *getoen* déné ngriki dipoensoekani onderwis ingkang ladjeng saged angelèkaken mripatipoen bangsa djadjahan.

Nanging makaten poenika nama anggetoeni prakawis ingkang *keladjeng*. Sampoen keladjeng ing ngriki katah bruine menschen ingkang anjepeng koentjining kamadjengan, ingkang toendonipoen saged andjadjari Kilèn. Djer koela pitados bilih para sardjana Indonesiër badé talatos anoelaraken seserepanipoen dateng bangsanipoen, sarana *angedalaken boekoe-boekoe* sasaminipoen.

Anggetoeni onderwijs ingkang kasoekakaken bangsa ngriki, ingkang ladjeng kénging kanggé amedjahi njawanipoen ngrikoe pijambak! Angepak bangsa Wétanan boten saged djadjar kalijan Kilèn! . . . . .

Poenika leresipoen *dédé pamanggih Kristen* ingkang toekipoen wonten *Kilèn!* Poenika pamanggih *andasamoekani!*

Kumuningsaselé 30 Nov. '30.

Taklim: *Patjar Mérah.*

Rectificatie Ontjèn Sw. T. no. 48, kolom kiwa, larikan 32 saking ngandap moengel: „Pinten katahipoen tijang sepoeh boten mradoeli *wadosing* anak, leresipoen: *waosaning* anak."

WARA-WARA.

Para Abonné, moegi karsaa noeloengi S. k. pandjenengan: „Swara-Tama", apesipoen srana mbajar arta abonnement. Milanipoen, ingkang dèrèng mbajar dipoenatoeri énggal ngintoeni arta.

Administratie Sw.-Tm.

OERAP-SARI

(PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATOELIK.

Missie ing Tiongkok.
Pastoer dipoenloewari.

Pawartos saking Hankow njarijosaken:

Imam poetra S. Agoestinoes, asma Fernandez ingkang kala 4 Djoeli dipoentjepeng, sampoen dipoenloewari.

Gandèng kalijan anggènipoen Kg. Biskop Soggiu dipoensédani bandiet, Oetoesanipoen Pasamoewan Soetji poenapa déné Oetoesan pradja Itali, sami ngladosaken protest dateng ministerie Buitenlandsche Zaken, sarta neda soepados wontena pangajomanipoen nagari dateng missionarissen.

Imam priboemi kapisanan.
Ing Punsjab.

Punsjab doemoenoeng wonten saelèripoen Hindija-Inggris, djiwanipoen 25 mlijoen.

Dèrèng dangoe poenika, wonten tijang Priboemi Punsjab tiga djinebadan dados Imam wonten ing Europa: ingkang kalih Imam Kapoesèn, satoenggalipoen Imam warga Sarékat Jésoes.

Pastoer Kapoesèn Benedictus, sampoen wangsoel dateng nagarinipoen, sarta katetepaken dados pastoer wonten Maryabad.

Pastoer L. van Rijckevorsel.

Koela mireng pawartos, pandjenenganipoen pastoer L. van Rijckevorsel dirèktoer Normaalschool Ambarawa, woelan poenika badé rawoeh ing tanah Djawi malih.

Komité 25 Désèmber.

Ing Ngajogjakarta, madeg komité kanggé miwaha dinten ageng 25 Désèmber, mawi lalangen tonil.

Missie Katoelik.

Manoet Polyglotte-drukkerij ing Roem, wiwit 30 Djoeni 1927 doemoegi 1 Djanoewari 30, djadjahan missie Katoelik wewah 35.

Ing tanggal 1 Djanoewari 1930 koekoeban Missie wonten 437. Ing Tiongkok kémawon koekoeban Missie ingkang énggal wonten 24.

Missie ingkang djiwanipoen Katoelik alit pijambak, ing djadjahan kabiskopan Ysland, bawahipoen missionaris bangsa Walandi, pandjenenganipoen mgr. Meulenberg. Djiwa ing ngrikoe wonten 101.000, poenika ingkang Katoelik 148 (kapétang bangsa mantja 31).

Koekoeban Missie ingkang ageng pijambak djiwanipoen Katoelik, ing: Vicariaat Péking. Djiwa ng ngrikoe 4.938.925 ingkang Katoelik 289.743, lan wewah tijang Katoelik bangsa mantja 250. Dados saprapitonipoen djiwa ing ngrika sampoen Katoelik.

Apostolische Prefectuur Pilcomayo, Bolivia djiwa 1.600 ingkang Katoelik 760.

Missie Katoelik ing sadjagad amengkoe tijang Katoelik langkoeng saking 13 mlijoen, sarta magangan 1.307.194.

Déné ingkang makarja: Biskop 281; pangrèh missie 91 sami dédé Biskop; Imam bangsa mantja 7.578; Imam Priboemi 899 sami warganing pakempalan missie, sarta wewah malih missionaris 511; wereldgeestelijken bangsa mantja 460 lan bangsa Priboemi 3.406, wewah malih 98; Broeder 5.110, Zuster: 28.112 (ingkang 11.399 bangsa Priboemi). Pakempalan Imam (orde, kongregasi lss.), wonten: 76; Kongregati-Broeder 33, lan pakempalan Zuster warni 447, sami angintoenaken warganipoen kanggé mitoeloengi pakarjaning missie.

*) Koela P. f. ! ! *Red.*

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Pangiridan bawah Soerakarta.

Lengganan no 503 martosaken:

Wonten parwatos wiwit béndjing Januari 1931 poenika para Inner (djoeroe nampi arta tjitjilan gendèng) ing sa-Soerakarta badé dipoenitjali. Wondéné ingkang tjalon nampi arta tjitjilan gendèng waoe loerah doesoen sapoenggawanipoen, ladjeng kasetoraken dateng kemantrèn. Minangka pitoewasing kangélan loerah sapoenggawa badé angsal 4% ning arta ingkang katampi; mantri pananggap angsal 1% ning arta ingkang dipoentampi.

Jèn pawartos waoe njata, moegi ingkang dipoenkèndeli kaparingana kados déné pensioen makaten, langkoeng-langkoeng ingkang sampoen garwa-poetra.

LOTRÉ AGENG.

Nomer-nomer lot lotré ageng kapengker ingkang pikantoek pris. (-sambetipoen Sw. T. no 48-)

f 500 107266 — 30194 — 164871
174339 — 104712 — 94470
157426 — 134064 — 12938
141731 — 66420 — 175782
52345 — 109676 — 10241
12044 — 48736 — 68761
14265 — 9071 — 87164
154476 — 166100 — 60934
191171 — 7023 — 7891
48621 — 76569 — 32556
21404 — 104210 — 11521
193996 — 174760 — 12113
59639 — 124938 — 98949
177293 — 159503 — 135940
182798 — 173554 — 130894
150919 — 108473 — 158120
52341 — 64752 — 163043
168856 — 103860 — 19018
190511 — 21946 — 112089
99551 — 90702 — 190908
2771 — 17952 — 167902
127970 — 158327 — 68627
185954 — 183859 — 107759
150081 — 44145 — 181118
18204 — 113030 — 73924
137894 — 159393 — 39216
149094 — 32885 — 114690
5265 — 65104 — 7740
79850 — 53923 — 150359
156973 — 74372 — 55041
98573 — 88389 — 47511
164193 — 117638 — 165705
20768 — 190549 — 103929
24312 — 76211 — 108778
172999 — 57010 — 144067
166864 — 88672 — 141340

Redi Merapi moeles.

Saking Moentilan, poststempel 29 Nov. 30, kita pikantoek pawartos

saking J. Koes bilih redi Merapi wiwit Slasa 23-11-30 njoewara goemaloedoeg. Malem Rebo 25/26 Nov. katingal ngedalaken kados latoe andalèdèk mangandap, sarta katrangan sampoen doemoegi wana toetoepan, tetijang satjelakipoen ngrikoe kadawoehan ngoengsi dateng padoesoenan ingkang radi tebih.

Kawontenanipoen sapoenika sampoen boten moetawatosi.

Habi Praja Kendal.

Pembantoe kita Dib martosaken, manawi tanpa wonten alangan poenapa-poenapa, béndjing malem Minggoe tanggal 13/14 December woelan ngadjeng poenika, panti soeka „Habi-Praja" ing Kendal badé ngawontenaken pista taoenan, sarana ringgitan. Ingkang dipoenatoeri ngringgit pandjenenganipoen sadèrèk M. B. Hardjawardaja, goeroe Normaalschool Moentilan.

Moegi-moegi sageda kaleksanan, angsal-angsal saking Habi-Randa.

Pokalipoen soedagar laré èstri.

Bintang Timoer ngewrat serat kintoenan saking A. S. Goenawan. Soeraosipoen: Rana, gegrija ing gang Paseban 72 Weltevreden, njarijosaken bilih premilinipoen saking Tjerbon anama Roemsiah alijas Siti Rohajah kinten-kinten oemoer 26 taoen, sémahipoen satoenggiling pènsijoenan ass. Wedana, kalijan anakipoen èstri koewalon oemoer 24 taoen, nama Oemita alijas Oeminah alijas Fatimah, itjal boten kantenan késahipoen. Tanggal 27 Nov. poenika soeka wartos dateng sadèrèkipoen bilih wonten Tandjoeng Prijoek. Éndjingipoen, poelisi angoepadosi ngantos memet boten saged kepanggih.

Moerid H. I. S. mogok.

Bintang Timoer njarijosaken kala Rebo minggoe kapengker poenika moerid-moerid H. I. S. klas nginggil ing Bogor sami mogok sadaja. Prakawis poenika saweg dipoenoeroes schoolcommissie.

Awratipoen dados djoernalis.

Dipoenoekoem margi damel pawartos leres.

Toean L. Mandey hoofdredaktoer Matahari Borneo, kalijan Ramli Ismail, nembé poenika dipoenkelahaken adjoeng djaksa Sawon ing Pontianak, margi adjoeng djaksa waoe roemaos dipoenawon-awon namanipoen.

Serat kabar kaseboet ngewrat kelahipoen tetijang èstri ingkang sami dipoentandoeki patrap moerang soesila déning adjoeng djeksa kaseboet.

Manoet papriksan, kelahipoen tetijang èstri waoe pantjèn *njata, leres!*

Poetoesanipoen pradata: tijang kalih, hoofdredakteur L. Mandey lan Ramli Ismail boten kaoekoem margi prakawis „laster" oetawi pitenahan, awit pakabaran waoe njata mawi kaboektèkaken soempahipoen seksiseksi wonten ngadjengipoen Landraad.

Ewadéné inggih meksa dipoenoekoem, margi kalepatan angoemoemaken pawartos ingkang andjalari awoning namanipoen adjoeng djeksa; andjalari itjal kaoermatanipoen.

Déné oekoeman ingkang kadawahaken: dateng t. Mandey 6 woelan, dateng Ramli Ismail 4 woelan. Tetijang poenika sami apèl.

Makaten soeraosing tjatetan papriksan prakawis ing nginggil, kaseboet wonten *Bintang Timoer.*

Lalampahan ing nginggil poenika saèstoe dipoen-gatosaken djagad journalistiek. Ing ngriki ladjeng tetéla betah kita dateng wontenipoen Indonesische Journalisten Bond.

Ing Mataram, katjarijos roemijin wonten Journalistenbond Asia dipoenpangarsani Mr. Soejoedi. Nanging poenapa taksih gesang, poenapa sampoen dipoenkoeboer, boten wonten pawartosipoen.

Wos saking Djepang.

Het Noorden njarijosaken nembé wonten kintoenan oewos saking Osaka dateng Tegal katahipoen langkoeng saking sèwoe karoeng.

Kabaripoen wos poenika langkoeng mirah tinimbang wos Rangoen toewin Saigon.

Ingkang Witjaksana sampoen kondoer.

Ingkang Witjaksana Goepernoer Djéndral ing ngriki, kala Setoe sampoen kondoer saking anggènipoen martamoe dateng Indo-China.

Goegon toehon ing tanah Djawi.

Ing th. Djawi Tengah taksih katah tijang pitados dateng wontenipoen Njai Rara Kidoel, ingkang akadaton ing saganten Kidoel, sarta tansah lestantoen enèm kémawon, ingkang dados garwanipoen Ingkang Sinoewoen ing Soerakarta oetawi Kg. Soeltan ing Ngajogjakarta.

Prakawis Njai Rara Kidoel poenika sanget dados raosan manawi ngleresi wonten pagebloeg, prahara, lss.

Ing Soerakarta mentas wonten lalampahan goegon toehon ingkang dipoen-gatosaken para prijantoen pangrèh pradja.

Kawartosaken, Njai Rara Kidoel badé gadah damel mantoe. Mila sakedap malih badé katah tijang pedjah, sarta njawanipoen dipoenirid dateng saganten Kidoel.

Pawartos poenika dipoensarengi pawartos anèh, oep.: katjarijosaken ing Soerabaja laré² alit sami dipoentetaki sétan. Prawan-prawan dipoenpangoeri sétan kalanipoen tilem.

Ing grija-grija dipoensoekani tanda-tanda winados, béda kalijan tanda ingkang sampoen-sampoen; awoedjoed peksi kalih sami noetjoek.

Katah tijang ingkang sami noelak babaja poenika sarana wiloedjengan. Dados pawartos waoe boten namoeng adamel kekesipoen tijang ingkang bodo, oegi andjalari angedalaken arta. Makaten tjarijosipoen *Sin Po.*

Prakawis goegon toehon poenika pantjèn kedah dipoenoedi sanget itjalipoen.

Dr. Soetama dipoentantang.

Djanget ing Mataram, naté martosaken dr. Soetama Soerabaja pikantoek serat saking pangageng, soeraosipoen manawi dokter Soetama kersa boten tjawé-tjawé kalijan *Persatoean Bangsa Indonesia* (Studieclub) sariranipoen badé kaangkat dados dirèktoer C.B.Z. lan sekolahan N. I. A. S. ing Soerabaja.

Déné manawi dr. Soetama boten kersa, badé dipoenkèndeli saking pandamelanipoen.

Pawartos ing nginggil poenika, goroh. Manoet *Swara Publiek* dr. Soetama amratélakaken kanti opisijil wonten gedong P. B. I. bilih kabar waoe boten njata.

Ragad drukwerk.

Tarip waragad drukwerk ing Indonesia saben 50 gr. kalih sèn. Nanging mailtarief $1^1/_2$ sèn saben 50 gr.

Dados manawi tijang ngintoenaken drukwerk saking Betawi dateng Depok, pambajaripoen saben drukwerk satoenggal langkoeng katah $^1/_2$ sèn tinimbang manawi kintoen drukwerk saking Haarlem dateng Makasar.

Margi makaten waoe, djagad padagangan mrajogèkaken soepados pangetjapipoen drukwerk ageng-ageng dateng nagari Welandi kémawon, ladjeng kakintoenaken saking ngrika. Manawi makaten ladjeng saged ngirid katah sanget. *Het Nieuws.*

Peken malem katoetoep.

Nembé poenika peken malem Padangan (Bodjanegara) katoetoep dadakan, margi wonten mainan ingkang ngrisak-ngrisakaken kantong, andjalari kadoerdjanan saja katah, malah ngantos katah arta palsoe dipoenpadjengaken. Résidèn Bodjanegara badé ngangkah andoewa wontening peken malem ing bawahipoen. *Nw. Sbrj. Crt.*

Journalistiek.

Wiwit tanggal 1 Désèmber poenika, t. Saéroen, plv. Hoofdredacteur *Keng Po* pindah dados hoofdredacteur wonten serat kabar *Siang Po* ingkang roemijin nama *Perniagaan.*

Ngobong majit ing Bali.

Béndjing 18 Désèmber ing Sidang Gedé, 10 K. M. saelèripoen Den Pasar badé wonten oepatjara ngobong majit.

Tijang nganggoer ing Indonesia.

Kantor Pakarjan, béndjing tanggal 9 Désèmber poenika ngawontenaken moesawaratan wonten ing Bandoeng.

Ingkang karembag prakawis-prakawis ingkang magepokan kalijan katahing tijang nganggoer ing Indonesia.

Gandèng kalijan anggènipoen badé ngwonteni Arbeidsbeurs ing Semarang, Madioen, Probolinggo, moesawaratan waoe inggih tjalon kadatengan wawakil-wawakil saking papan kaseboet.

Kadjoegroegan gamping.

Het Noorden njarijosaken kalanipoen tetijang sami mendet gamping wonten redi gamping Goewo Matjan, mbokmanawi margi djawah wonten gamping djoegroeg, andjoegroegi koeli-koeli, andjalari pedjahipoen koeli nenem, (poenika èstrinipoen sekawan).

Woh-wohan saking Djepang.

Nembé poenika, kapal *Bandoeng Maru* gadahanipoen maskapé Nanyo Yusen Kaisha, dateng wonten Soerabaja. Kapal waoe wonten papannipoen miroenggan kanggé ambekta wowohan wedalan Djepang dateng tanah ngriki. Kala semanten sampoen ambekta apel, poenapa déné anggoer. Raosipoen étja² (*Ind. Crt.*)

Manawi tijang kominis wonten koendjaran.

Bat. Nieuwsblad njarijosaken, ing boewi Glodok, Betawi mentas wonten tijang koendjaran golongan kominis sami mogok. Margi makaten waoe sapoenika serat kabar waoe amelèhaken: inggih makaten poenika wohing tindak ingkang ngéngingaken tijang koendjaran kominis nampi waosan-waosan.

Waosan-waosan waoe ingkang ambetakaken sanak sadèrèkipoen ingkang toewi lan ingkang katah-katah boekoe pasinaon. Isinipoen boekoe-boekoe waoe ladjeng dados rembag wonten kamaripoen tetijang kominis, lan margi makaten kénging kaanggep salebeting koendjaran wonten koersoes kabangsan ngrembag dadasar-dadasar kominis lan kabangsan. Kadjawi poenika prakawis poenika oegi asring karembag wonten sangadjengipoen kantja sanak sadèrèk katah ingkang sami martoewi; dados kénging kawastanan propaganda.

Boekoe-boekoenipoen lan korankoranipoen tetijang kominis ingkang kebak tjéntangan, sapoenika karampas.

Koninklijke Petroleum Mij.

Margi anggènipoen njandèkaken prakawis-prakawis ingkang boten perloe, (uitbreidingen), taoen 1930 poenika, Koninklijke Petroleum Mij. saged anggemèni 30 mlijoen roepijah, lan kanggé taoen 1931 poenika, tjalonipoen mbokmanawi kémawon 50 mlijoen.

Paos tetingalan ing Bandoeng.

Woelan November poenika gemeente Bandoeng saged ngoekoep paos tontonan f 11.416,45 (Kala Nov. '29: f 11.241,83).

Wiwit Djanoewari—Nov. '30 paos tetingalan ing Bandoeng angsal f 171.883, 51. Kala Djanoewari — Nov. '29, angsal f 167. 706, 81.

MANTJA NAGARI.

BARITANIJAH. Pogokan.

Salebetipoen minggoe kapengker wonten galagat kaoem berah pamelikan ing Schotland, Wales, Lancashire toewin Britstol badé ngawontenaken pogokan. Wiwitipoen kaangkah dinten Senèn nembé poenika. Katahing kaoem berah pamelikan ingkang badé mogok wonten 400.000.

Lan dinten Senèn sampoen wonten poetoesan kaoem berah pamelikan Schotland boten njamboet damel.

BALKAN. Lindoe.

Saminggoenan sapriki ing Albani Kidoel wonten lindoe. Ingkang karisakan ageng koekoeban Valons. Éwon tijang boten gadah grija, margi grijanipoen djoegroeg. Tijang pedjah boten kirang saking 30.

DJEPANG. Lindoe ageng.

Salebetipoen minggoe kapengker Tokyo katradjang lindoe ageng. Karisakanipoen anggegirisi. Wonten doesoen ingkang hantjoer babar pisan, namoeng kantoen grija sakawan. Inggih poenika doesoen Hakonemachi, ingkang wiwit taoen 1923 dados papan kanggé ngaso salebetipoen liboeran.

Ing papan sakiwa tengenipoen Tokyo ngrikoe kémawon ingkang pedjah sampoen wonten 250 tijang ketaton 143, grija ingkang risak babar pisan wonten 1.550, ingkang namoeng risak sapérangan kémawon wonten grija 4.637.

SCANDINAVIE. 25 taoenan.

Noorwegen mentas amèngeti anggènipoen sampoen salawé taoen mardika saking Zweden.

POLEN. Tijang Djerman dipoenpedjahi.

Kinten-kinten kala Ngahad 21 Nov. ing Opper-Silizië wonten bangsa Djerman tjatjahipoen nenem dipoenpedjahi kaoem kebangsan Pool, lan poelisi ingkang soemerep namoeng ningali kémawon.

Katjarijos, Djerman nglampahaken protest dateng Volkenbond. Serat-serat kabar Djerman amastani tindakipoen Polen makaten poenika nama natoni pradja Djerman. Kawontenaning wates Pool—Djerman moetawatosi. Tetijang sami koewatos manawi Polen ladjeng ngrabasa kita-kita Djerman ing ngrikoe.

Polen tindakipoen tansah sawenang-wenang dateng bangsa Djerman ing bawahipoen. Tindak sawenang-wenang poenika katawis saja dangoe saja ngambra-ambra.

Minister Buitenlandsche Zaken ing Polen njedahi t. Felix Calonder, voorzitter komisi-tjampoeran ing Volkenbond, soepados nindakaken paniti priksa. Warga-warganing Volkenbond sami ageng pitadosipoen bilih Calonder boten badé éwang-éwangen.

Péhak Polen mabeni kala oesrekoesrekan, wonten opsir poelisi bangsa Pool ketaton ngantos pedjah, mangka kala semanten kaleresan wonten dokter bangsa Djerman, nanging dokter waoe boten poeroen mitoeloengi. Tijang ingkang katahan kadakwa medjahi poelisi waoe, mèh sadaja bangsa Djerman.

AMÉRIKA. Arta kanggé marine.

Departement marine badé ngedalaken waragad 14 mlijoen dollar, kanggé anjaèkaken pasisir: damel bètèng-bètèng, marinebasis wonten Pesrl Harbor ing Pacific, lss. (Ministerie Montor maboer Inggris andandosaken montor maboer kanggé perang 200, kedah rampoeng ing salebetipoen kalih welas woelan, rikating lampah 300 km. saedjam).